Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, Ҳужжат коди: HG6628582066

# QANLÍKÓL RAYONÍ YURIDIKALÍQ XÍZMET KÓRSETIW ORAYÍNÍŃ YURIDIKALÍQ ÁHMIYETKE IYE HÚJJETLERDIŃ NÍZAM HÚJJETLERINE MUWAPÍQLÍLÍǴÍ HAQQÍNDAǴÍ HUQÍQÍY JUWMAǴÍ

№ BX43777410

1. **Joybar túri:** Shártnama.

2. **Joybar ataması:** Qanlıkól rayonlıq Medicina birlespesiniń hám O’zbektelekom AK QR filialı Qanlıkól RTT bólimi ortasındaǵı Telekommunikaciya xızmetlerin kórsetiw haqqındaǵı 14_2947/3480-sanlı abonent shártnaması haqqında.

3. **Joybardı islep shıǵıwshı hám kiritilgen sáne haqqında maǵlıwmat:** Qanlıkól rayonlıq Medicina birlespesiniń 2022-jıl 20-yanvar kúngi shártnama joybarı (Sistemaǵa 25-yanvar kúni qayta kirgizilgen).

4. Joybar Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi, 1998-jıl 29-avgusttaǵı “Xojalıq júrgiziwshı subiektler iskerliginiń shártnamalıq-huqıqıy bazası haqqında”ǵı 670-I-sanlı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Informacica texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlanntırıw ministriniń “Tekekommunikaciya xızmetlerin kórsetiw qaǵıydaların tastıyıqlaw haqqında”ǵı (2020-jıl 30-iyun kúni 3275 san menen dizimnen ótken) buyrıǵı hám ámeldegi nızam talaplarına ámel etilgen halda islep shıǵılǵan hạmde joybardı qabıl etiw maqsetke muwapıq.

**Qanlıkól rayonı yuridikalıq xızmet kórsetiw orayı bas yuriskonsultı** **A.Seydabullaev**

2022-jıl 25-yanvar

РМБ.

14-2947/3480 - САНЛЫ

## ТЕЛЕКОММУНИКАЦИЯ ХЫЗМЕТЛЕРИН КӨРСЕТИЎ ТУЎРЫСЫНДАҒЫ АБОНЕНТ ШӘРТНАМАСЫ

*Юридикалық шахслар (соның ишинде, бюджет мекемелери) ушын*

**Қанлыкөл районы.** **2022 жыл "20" январь**

**"Ўзбектелеком" акционерлик компаниясы** (кейинги орынларда–Компания) атынан **2021** жыл **30 декабрдеги № 27-01-14/6014** –санлы исеним хатынна асас ис журитуши "Ўзбектелеком" АК ҚР филиалы Қанлыкөл РТТ баслығы К.Садихов (кейинги орынларда – Оператор) бир тәрептен ҳәм Қанлыкол РМБ атынан Устав (Нызам, дизимге алынғанлығы ҳаққында гуўалық, исеним хат) тийкарында ис журитиўши Д.Нурымбетова (кейинги орынларда – Абонент) екинши тәрептен (кейинги орынларда биргеликте - Тәреплер) телекоммуникация хызметлерин көрсетилилиўи бойынша төмендегилер хаккында Абонент шәртнамасын (кейинги орынларда – Шәртнама) дүздилер:

**1. Шәртнама предмети.**

1.1. Абонент усы Шәртнамаға қол қойып:

- Оператордың WWW.UZTELECOM.UZ расмий веб-сайтында дағаза қылынған Өзбекистан Республикасы Пухаралық кодексиның 367-369-статяларына муапык "Ўзбектелеком" акционерлик компаниясының телекоммуникация хызметлерин көрсетиў туурысындағы абонент Шәртнамасын дузиўге расмий ғалаба усынысы болған Ғалаба офертаси (кейинги орынларда – Оферта) шәртлери менен толық танысып шыққанлығын тастийқлап, усы Оферта шәртлери тийкарында Оператор менен телекоммуникация хызметлери көрсетилиўи туурысында Шәртнама дузеди;

- Оператор тәрепинен көрсетилетуғын хызметлер ушын Абонент дәстлепки аванс төлеўин амелге асырыўы ҳәм төлеў фактин тастийқлаўшы тийисли финанслык хужжети алыўы Оператор Офертасының шәртлерин созсиз қабыл қылыўы (акцептин) есапланады.

1.2. Тәреплер Офертаның 2-болиминде көрсетилген максетлерде усы Шәртнаманың қол қойылғаннан соң Оператор Абонентке идентификация номерин береди. Идентификация номери берилгеннен соң, Абонент, Оператор тәрепинен усыныс етилген хызметлер дизими шенберинде өз таңлаўынан келип шығып дәслепки толеўди амелге асырыўы мүмкин.

1.3. Хызмет көрсетиў шәртлери Офертаның 3-бәндинед белгиленген асасларда ҳәм Абонент тәрепинен сайланған хызмет түри ҳәмде усы хызметти көрсетиў ушын техник имканиятлар бар яки жоқлығынан келип шыққан халда белгиленеди.

**2. Тәреплердин ҳуқық ҳәм миннетлери**

2.1. Оператор усы Шәртнамаға қол қойылған ўақыттан баслап, Офертаның 4-бөлиминде белгилеген ҳуқық ҳәм миннетлерге ийе болады.

2.2. Оператор усы Шәртнамаға кол қойылған ўақыттан баслап, Офертаның 5-бөлиминде белгилеген хуқық ҳәм миннетлерге ийе болады.

2.3. Тәреплер усы Шәртнама амел етиў дәўринде, өз ҳуқық ҳәм мәжбуриятларга әмел қылыўын тәмийнлеў ушын шаралар амелге асырылады.

**3. Есап китап ҳәм хақы төлеўлер тәртиби**

3.1. Усы Шәртнама бойынша Офертаның 6-бөлимине муапық, хызметлер (мобил байланыс хызмети буннан тысқары) көрсетилгеннен кейин төлемди әмелге асырыў (**Postpaid**) шәртлерине әмел етиледи.

3.2. Тарифлер Абонент пенен Шәртнама дҳзилгенде ҳәм Оператор хызметлеринен пайдаланыў барысында Абонент пенен есап китап әмелге асырыў мәжбурий болып табылады. Хизметлер ушын ҳәмме тарифлер миллий валютада көрсетиледи ҳәм усы Шәртнама дузилген ўақыттан белгиленген ҳәмме салық ҳәм жыйымлары өз ишине алады.

3.3. Хызметлерден пайдаланыў ушын Абонент төлемлерди биринши айда усы Шәртнама дүзилген сәнеден баслапа **3 (үш) банк күни** аралығында әмелге асырылады.

3.3.1. Биринши жалғаныўда Абонент төлеми **100 ( бир жүз) пайыз муғдарында** алдынан төленеди, дәслепки аванс төлеми алдынан төлем бойынша талапнама (есап) тийкарында ҳамде усы Шәртнаманың тийисли қосымшасында (Абонент тәрепинен сайлаған хызмет түри бойынша) көрсетилген муғдарға муапык ҳар бир сайлаған хызмет түри ушын айрықша амелге асырыўы мүмкин.

3.4. **Бюджет мекемелери болған Абонент ушын** Шәртнаманың улыўма суммасы усы Шәртнаманың тийисли қосымшасына (Абонент тәрепинен сайлаған хызмет түри бойынша) муапық көрсетилген хызметлер көлеми менен белгиленеди.

**Шәртнаманың улыўма суммасы (ҚҚСын есапқа алған халда)**

6600000 ( Алты миллион алты жүз мың ) сум ды **қурайды.**

**Усы сумма** ______________ (______________) сум **муғдарында Абонент төлеми** ______________ (______________) **муғдарында бир мәртелик төлемди өз ишине алады.**

3.4.1. Усы Шәртнаманың улыўма суммасы асып кеткен жағдайда, артыкша сумма Тәреплердиң ортасында колисилген қосымша келисим /берилген есап – фактура тийкарында төленеди.

3.5. Абонент усы Шәртнамаға тийкар яки берилген есап фактура тийкарында ҳар айда Оператор тәрепинен есап – фактура берилген күннен баслап **3 (үш) банк күни** ишинде усы Шәртнамада көрсетилген Оператордың Жеке (электрон) есап бетине пул қаржыларын өткизиў жолы менен Оператор тәрепинен көрсетилген хызметлер ҳақысын төлейди.

3.6. Егер Абонентиң Жеке (электрон) есап бетинде хызметлер көрсетиў ушын жетерли каржы болмаса яки усы Шәртнаманың 3.5-бандинде көрсетилген мүдетте ҳар айлық есап-фактура бойынша төлем әмелге асырылмаған болса, Оператор усы Шәртнама бойынша хызметлер көрсетиўди тохтатыўы мүмкин.

3.7. Оператор тәрепинен жалғанған ҳәм көрсетилген хызметлерден Абонент тәрепинен пайдаланбаўы, Абонентке усы хызметлер ушын толемлерди әмелге асырмаўына тийкар бола алмайды.

3.7.1. Егер Абонент Оператор хызметлеринен пайдаланыўды тохтатыўды сондаяқ есабат дәўри (календар айы) ушын калемеген төлемлерди алдын алыўды қалесе Абонент есабат айының 1-ши күнинен алдын хызметлерди өз қалеўи менен блоклатыўы ушын арза тапсырыў керек. Блоклатыў тәртиби Оферта қағидалары менен тәртипке салынады.

3.8. Оператордан бонуслар көринисңде реклама акция шеңберинде Абонентке берилген барлық қаржылар тек Оператор хизметлери ушын төлениўи мүмкин ҳәм ва Шәртнама бийкар қылынғанда Абонентке пул көринисинде төленбейди яки қайтарылмайды.

3.9. Оператор тәрепинен көрсетилген хызметлер, Шәртнамаға муапық хәр хызмет түри ушын айрықша расмийлестирилетуғын есап-фактура менен жабылады. Хәр бир есап-фактурада көрсетилген хызметлердиң толық календар айы ушын улыма муғдары көрсетиледи.

3.9.1. Егер Абонент **10 (он) ис күни** даўамында Оператор тәрепинен көрсетилген есап-фактура бойынша өз наразылықларын жазба яки электрон түрде бермесе, усы хызмет түри бойынша есап-фактура қабыл қылынған ҳәм хызметлер тийисли тартипте көрсетилген болып есапланады. Абоненттиң наразылықлары тастыйықланған жағдайда, Оператор кейинги календар айында көрсетилген хызметлер ушын төлеў талапнамасында (есабында, есап-фактурада) тийисли дүзетиўлерди әмелге асырады.

3.10. Офертаның 6.15-киши бандинде белгиленген тәртипте, Абоненттиң Жеке (электрон) есап бетиниң балансы кери болған жағдайда **1 (бир) календар айдан өтпеген** мүддетке Абонентиң кепиллик хаты тийкарында Оператор тәрепинен Абоненке хызметлерден пайдаланыў имканияты берилиўи мүмкин.

**4. Тәреплердиң жууапкершилиги**

4.1. Тәреплер Офертаның 8-бөлимине ҳәм усы Шәртнамаға муапық белгиленген мәжбуриятларды орынламағанлығы ушын Өзбекистан Республикасы нызам ҳүжжетлеринде хәмде Офертада нәзерде тутылған тәртипте ҳәм муғдарларда жууапкер болады (Тәреплерге жууапкершиликтиң шеклениў жағдайлары буннан тысқары).

**5. Наразылықларды шешиў тәртиби**

5.1. Тәрелердиң усы Шәртнаманың орынланыўы менен байланыслы мәселелер бойынша жүзеге келген наразылықлар Офертаның 11-бөлим талаплары тийкарында Өзбекистан Республикасы нызамшылығына муапық хәмде наразылықларды судқа шекем шешиў тәртибине әмел қылған халда өз-ара келисиў архалы шешиледи.

5.2. Тәреплердиң жүзеге келген наразылықларды өз-ара шешиў имканы болмаған жағдайда, наразылықларды Өзбекистан Республикасы нызам ҳүжжетлерине муапық районлар-ара экономика судында көрип шығылады.

**6. Айрықша шәртлер**

6.1. Тәреплер усы Шәртнаманың әмел қылыў дәўиринде өз ҳуқықларын ҳәм мәжбуриятлары менен байланыслы Өзбекистан Республикасының коррупцияға қарсы гүресиў тәртипке салыўшы нызам ҳүжжетлер нормаларын бызылыуы мүмкин болған хәр қандай шаралар көрмеслигин итибарға алып, өз-ара қарым қатнас мәдениятын жоқары дәрежеде тамийнлеў ҳәм коррупция жағдаларына сөзсиз гүресиў шараларын көреди.

6.2. Шәртнаманың әмел қылыў дәўиринде Тәреплердиң тәсири ҳәм қәлеўине байланыслы болмаған хәр қандай жағдайларда (жеңип болмайтуғын күшлер /форс-мажор жағдайлары) Офертанинг 10-бөлиминдеги қағыйдаларға әмел қылынады.

6.3. Абонентиң жазба/электрон түрдеги берилген арза/наразылық/шағым/усыныс көринисиндеги мурәжәти көби менен 30 күн (отыз) даўамында көрип шығылады ҳәм тийисли тәртипте жууап берилди. Бундай мурәжаатти көрип шығыў ушын 15 (он бес) күннен артық мүддет талап етилсе, Абонент (муражаат ийеси) Оператор тәрепинен бул хаққында мәжбурий ескертиледи.

**7. Жуумақлаўшы қағыдалар**

7.1. Шәртнаманың хамме ахмийетли шәртлери Офертаға муапық белгиленеди. Усы Шәртнамада яки Офертада нәзерде тутылмаған жағдайларда Тәреплер Өзбекистан Республикасы нызам хужжетлерине әмел қылады.

7.2. Шәртнама Тәреплери ортасында қол қойылған ўақыттан баслап күшке киреди ҳәм **2022 жыл 31 декабрге шекем әмел қылады**. Егер Шәртнаманың белгиленген әмел қылыў мүддети тамам болғаннан соң Тәреплер (бюджет мекемелери болған Абонентлерге әмел етпейди) өз шәртлери даўам еттирсе ҳәм Тәреплердиң хеш қайссысы оны бийкарламаса Шәртнама хәр бир кейинги жылға созылады.

7.2.1. **Бюджет мекмеси болған Абонент ушын усы** Шәртнама уакиллиги бар мамлекетлик органларында дизимге алынған күннен баслап күшке киреди ҳәм ва **2022 жыл 31 декабрге** шекем әмел қылады.

7.2.2. Абонент тәрепинен усы Шәртнаманың қол қойыўы - Оферта акцептин (Абонентиң Оферта шәртлерин қабыл еткенлиги хаққында жууабын) билдиреди.

7.3. Усы Шәртнама, соның ишинде, Оператордың расмий веб-сайтында жарияланған Оферта, қосымша (егер бар болса) Шәртнама предмети бойынша Оператор ҳәм Абонент ортасында толық Шәртнаманы билдиреди.

7.4. Тәреплердиң манзиллери ҳәм банк реквизитлери, олардың тийисли хужжетлери (мүлк ийелери) өзгерген жағдайда,сондаяқ хуқуқый түрлери өзгерген жағдайда Шәртнама өз күшинде қалады. Тәреплер бундай өзгерислер әмелге асырғаннан баслап 10 (он) **календарь** күни ишинде бир-бирине хабарландырыўы шәрт.

7.5. Шәртнамаға өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилгенде (егер олар жазба түрде хужжетлестирилген болса) ҳәм усы хәрекетлер Тәреплердиң исенимли ўәкили тәрепинен қол қойылған хәмде Тәреплердиң мөрлери (бар болған жағдайда) менен тастиықланған болса, хақыйқый есапланады.

7.6. Усы Шәртнама мәмлекетлик тилде , 2 (еки) нусхада расмийллестирилген болып, бир қыйлы юридикалық күшке ийе ҳәм хәр бир Тәреп ушын бир нусхада бериледи.

**8. Тәреплердиң мәнзиллери ҳәм банк реквизитлери:**

| | |
|---|---|
| **ОПЕРАТОР:**<br>**“Ўзбектелеком” АК**<br>**Қарақалпақстан Республикасы филиалы**<br>**Қанлыкөл РТТ**<br>Мәнзил: Қанлыкөл районы Ғарезсизлик көшеси №18 жай<br>Банк мағлыўматлары:<br>е/б: **20210000404074838419**<br>СТИР: **203366731**_<br>МФО:_ **00401**_; АТБ **“Алокабанк”** ОКЭД: **61100**<br>Тел: **(61) 3321344 (61) 3321717_; факс** ____________<br>E-mail: qanlikolrtt@umail.uz; | **АБОНЕНТ:** Қанлыкөл РМБ<br>ҚР, Қанлыкөл районы, Ғарезсизлик көшеси, 22<br>л/с: 400322860352187072110054002<br>Мәнзил: МФО:00014, ИНН:200386227, ОКЭД: 86100<br>р/с: 23402000300100001010<br>Центральный банк г.Ташкент<br>Банк мағлыўматлары: МФО: 00014, ИНН: 201 122 919<br>е/б: ____________ Д.Нурымбетова;<br>СТИР: ____________;<br>МФО: ____________; Банк атамасы: ____________;<br>Тел: ____________;<br>E-mail: ____________; |
| **Оператор атынан:**<br>____________ **К.Ж.Садихов.**<br>/қолы/<br>м.о. | **Абонент атынан:**<br>____________ **Ф.А.А.**<br>/қолы/<br>м.о. |

Шәртнама № 14-2947/3480 от 20 / январь /2022г

**Көрсетилетуғын хызметлер**

**1. Хызметлер ҳәм тарифлер**

*Өлшем бирлиги Миллий валюта - Сум*

| № | Хызмет аты | бахасы (ҚҚС менен) | тийкары | көлеми | сумма, (ҚҚС менен) сум |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **I. Бир мәрте төленетуғын (разовые) төлем** | | | | |
| 1.1 | Дизимге алыў ҳәм жалғау,сондаяқ проектин ислеў, монтажлаў,программаластырыў, **Ethernet портқа жалғаў , ADSL, GPON - модем үскенели, абонент кабели ҳәм IP-адресс ушын** | ______ | Прейскурант | | ______ |
| | **II. Ҳәр айдағы төлемлер** | | | | |
| | Миллий тармаққа ҳәм Интернет тармағына тезликте тариф ркежеси бойынша жалғаныў<br>1) TIBBIYOT-2 /______мб/с<br>2)______/______мб/с<br>3)______/______мб/с<br>4)______/______мб/с<br>1)Логин L0000364749I<br>2)Логин______ | 550 000<br>______<br>______ | | 12 | 6600000<br>______ |
| 2.1 | ______ мб/сек тезлигинде ______ Mb трафик мұғдарында интернет тармағына жалғанған хызмет ушын Абонент төлеми | ______ | Прейскурант | - | ______ |
| 2.2 | 1 Mb лимиттен тысқары бахасы сум | ______ | Прейскурант | - | ______ |
| | **Жәми (алдын ала төлеми)** | | | | 6600 000 |

**Жәми алдын ала төлеми:** 6600 000

**Соның ишинде ҚҚС** 860869,56

**Шәртнама суммасы** 6600000 **қурайды ( )сум соның ишинде айлық абонент толеми** 6600 000 **( )**
**Дизимге алыў төлеми** 0 **(** 0 **). Шәртнама төлем суммасынан асып кетсе төлем ҳәр айда төленеди.**

**ОПЕРАТОР:**
**"Ўзбектелеком" АК**
**Қарақалпақстан Республикасы филиалы**
**Қанлыкөл РТТ**

**Оператор атынан:**
______ **К.Ж.Садихов.**
қолы
м.о.

**АБОНЕНТ:**
______
Қанлыкөл РМБ

**Абонент атынан:**
______ Д.Жуманиязова **Ф.А.А.**
/қолы/
м.о.